ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№87 (23.495) ● 2017 гъэм накъыгъэм (майм) и 16, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ Ю. А. иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэр, ЩІэныгъэм и махуэр, республикэр езым фІэфІу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ зэрырикъур гъэлъэпІэным зыхуэзгъэхьэзырыным теухуа зэІущІэ

КъБР-м и Правительствэм и Унэм республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. дыгъуасэ щригъэкІуэкІащ КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэр, ЩІэныгъэм и махуэр, республикэр Урысей къэралыгъуэм зэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ зэрырикъум зыхуэгъэхьэзырынымрэ гъэлъэпІэнымрэ теухуа зэІущІэ.

АБы ХЭТАЩ УФ-м и Президентым и полномочнэ лыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и Аппаратым КъБР-м кьеГэщІыІа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Канунников В. А., КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Т. Б., КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков А. ТІ., министерствэхэм, ведомствэхэм, муниципальнэ щІыналъэхэм, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм, профсоюз зэгухьэныгъэхэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм, лъэпкъ-щэнхабзэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщІхэр.

Дызыхуэкіуэ гуфІэгъуэхэр жылагъуэ зэкъуэтыныгъэр нэхъри гъэбыдэныжкІэ сэбэп хъуэн хуейщ, жиІащ щІыналъэм и унафэщІым. Абы-хэм зыщІыхуэгъэхьэзырКІэ къэпъытапхъэщ щынагъуэнщагъэр къыздэгъэпэщыным пыща техническэ, жылагъуэ-политикэ Іэхуэхэр. «Абы-хэм мыхьэнэншэу зыри яхэткъым. Гуфіэгъуэ пІалъэхэм япыщІа дэтхэнэ зы Іэхуэри нэгъэсауэ, екІуу, дахэу, зыубгъуауэ къызэгъэпэщын хуейщ», - къыхигъэщхьэхуКІащ КъБР-м и Іэтащхьэм.

ЗэІущІэм гупыІтэ хэха щыхуащІащ республикэм и къалэхэмрэ адрей жылагъуэхэмрэ зэІузэпэщ щІыным, гъэкъэбзэным, кІэрыхубжьэрыхуэр дэшыным. Псори зэуэ зы махуэм пхузэфІэгъэкІынукъым, жиІащ КІуэкІуэ Юрий, абыхэм махуэ кьэс елэжьыпхъэщ, апхуэдэу цІыхухэр хуэущинк хуейщ жылагъуэ зэхуэцІыхуащІащ республикэм и къалэхэмрэ адрей жылагъуэхэмрэ зэІузэпэщ щІыным, гъэкъэбзэным, кІэрыхубжьэрыхуэр дэшыным. Псори зэуэ зы махуэм пхузэфІэгъэкІынукъым, жиІащ КІуэкІуэ Юрий, абыхэм махуэ кьэс елэжьыпхъэщ, апхуэдэу цІыхухэр хуэущинк хуейщ жылагъуэ зэхуэсыпІэхэр мыуцІэпІыным. Фэтэр куэд хъу унэхэр зезыхьэ компаниехэм, апхуэдэ унэхэм щыпсэухэм я комитетхэм я лэжьакІэфІым и щапхъэ куэд щыІэщ. Дуней псом а Іэмалхэр къыщагъэсэбэп.

КІуэкІуэ Ю. А. жиІащ «Къалэ, район, кьуажэ нэхъ кьабзэ дыдэ» жылагъуэ жэрдэмыр пхьигъэкІыным, абы ипкъ иткІэ властым и лыкІуэ органхэм хэтхэм ящыщхэр пщІантІэ къэс егъэбыдылэным мыхьэнэшхуэ иІэу къыззэриІытэр.

КъБР-м и Правительствэм чэнджэщ ираташ къалащьхьэм Мэлбахъуэм и цІэр зезыхьэ и уэрамыр, транспортыр нэхъ Іуву щызекІуэ адрей уэрамхэр зэгъэпэщыжныкІэ Налшык къалэ округым и унафэщІхэм защІигъэкъуэну, зыхуэфащэ лэжьыгъэхэм я графикыр гъэзэщІа зэрыхъуэм тКІийуэ кІэлъыплъыну.

Зыхэплъа Іэхуэхэм ятеухуауэ зэІущІэм къыщыпсэльащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Ахъуэхъу Т. Б., КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министр Къумахуэ М. Л., Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Алэкьей А. М., КъБР-м Граждан жылагъуэ Іэхуэщ Іапі Іэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъэм я Іэхуэхэмкіэ и управленэм и унафэщІ КІурашын А. В. сымэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхуэщ Іапі Іэ.

ЦІыхухэр гъуэгум шынагъуэншэу тетын хуейщ

● ЗэІущІэхэр

«Гъуэгум шынагъуэншэу тетын» мыкоммерческэ зэгухьэныгъэмрэ КъБР-м и ГУОБДД-мрэ я зэІущІэ дыгъуасэ Правительствэм щекІуэкІащ, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Бэлэтокъуэ Владимир тхьэмадэу щысу.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ гъуэгум шынагъуэншэу тетыныкІэ УФ-м и ГУОБДД-м и цІыхухэм ядэлажьэ и къудамэм и унафэщІ **Белугин Максим**, «Гъуэгум шынагъуэншэу тетын» Іуэхур зи нэІэ щІэт **Куцуровэ Олеся**, «Завод» ООО-м и унафэщІ **Мельников Вадим**, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ связькІэ и къэрал комитетым и унафэщІ **Къудей Арсен** сымэ, нэгъуэщІхэри.

Хьэщ1хэм зэрыжаІэмкІэ, цІыхур гъэзэу щытеткІэ (пІэсэрыкІуэмэ рулым дэсми), хабзэхэр имыгъэзащІэмэ, нэщІабжьэ къроКІуэ. Араущи, хабзэхэм тетыну хуэмеймии а хабзэхэр зымыщІэми ядэлэжьапхъэщ. А Іуэхур иregъэкІуэкІ «Гъуэгум шынагъуэншэу тетын» мыкоммерческэ зэгухьэныгъэм.

- Зи гугъу тщІы Іуэхур Урысейм и къгъуэгухэм щедгъэжьащ, иджы ди гуапэу Кавказ Ищхьэрэм и республикэхэм дыкъэкІуауэ аращ, - жиІащ УФ-м и ГУОБДД-м и лыкІуэ Белугиныр къыщыпсэлъам. - Гъуэгум шынагъуэншэу уэзрытетыну хабзэхэр цІыхухэм ягурызыгъаІуэ лэжьакІуэхэр, егъэджакІуэхэр цІыхухэм идогъэпсалъэ, видео роликхэмкІэ Іуэхур нэрылъагъу ящІу.

«Гъуэгум шынагъуэншэу тетын» Іуэхур зи нэІэ щІэт Куцуровэ Олеся зэрыжиІамкІэ, адэ-анэхэмэ, егъэджакІуэхэмэ, нэхъыжьхэмэ я къалэнщ гъуэгум екъэлІа хабзэхэр я бынхэм ирагъэщІэну. Абы къыхэкІкІэ, сабий сэдхэм, курыт еджапІэхэм, сабий зыгъэпсэхупІэхэм, къинэмыщІ Іуэхущ Іапі Іэхэм щІилажьхэм яІущІэнущ, тхылъ цІыкІухэр къыдагъэкІынущ, видеороликхэр интернетым къралъхьэнущ.

Абы теухуауэ къэпсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министрым и къуэдзэ **Геккиев Сультан**. КъулыкъущІэхэм къыхагъэщащ сыт и лъэныкъэкІи мы Іуэхумкіэ сэбэп зэрыхъунур.

Хьэщ1эхэр къызытекІуэха Іуэхум теухауэ зэІущІэм хэтахэм унафэ зыбжанэ къызэдащтащ.

ФЫРЭ Анфисэ.

● Къэрал гулъытэ

ПсэупІэ унэхэр ягуэш

Шэрэдж щІыналъэм хьыхь Къэщкъэтау жылэм иджыблагъэ щекІуэкІащ гуфІэгъуэ зэІущІэ. Ар теухауэ щытащ щІыналъэм щыщ сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэм я жьауэм щІэмытыжхэмрэ псэупІэ унэхэр етыным. Апхуэдэ къэрал гулъытэ ягъуэтащ районым и цІыхуиХым.

«САБИЙ зеиншэхэмрэ адэ-анэм я жьауэм щІэмытыжхэмрэ социальнэ дэІапъыкъныгъэ етыным теухауэ» федеральнэ хабзэм ипкъ иткІэ, псэупІэхэр ныбжьыщІэхэм къыхуащэхуащ КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министерствэм. Фэтэрхэр хэтщ Къэщкъэтау дэт псэупІэ унэ екІум, зыхуей-зыхуэфІ псомкІи къыззэпэщам. Сабийхэм фэтэрхэм я Іункъыбзэлуххэр яритыжащ икІи гуапэу екъуэхъуащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - КъБР-м егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министрым и къуэдзэ Геккиев СультІан, «Кавказхуэныгъэ» ухуакІуэ фирмэм и унафэщІ Настуев Къасым.

ТуфІэгъуэ зэІущІэр игъэдэхащ щІыналъэм хьыхь еджапІэхэм я гъэсэнхэм къызэрагъэпэща концерт дахэм.

ТАМБИЙ Линэ.

● ЩІыуэпсым и илъэс

Гъагъэ, дуней!

Къубэ-Тэбэ дэт курыт еджапІэ №1-м и школакІуэхэм ЩІыуэпсым и илъэсым хиубыдэу «Гъагъэ, дуней» зыфІаща Іуэхугъуэфі ялэжьащ.

БАХЪСЭН щІыналъэм и администрацэм и пресс-Іэнатіэм и лэжьакІуэ Улымбащ Лерэ хъыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, еджакІуи 120-м щІигъу Къубэ-Тэбэ къуажэм и уэрамхэм къыдыхьащ. Эколог ныбжьыщІэхэм къауэззэхэм иратырт ягъэхьэзыра буклетхэр икІи пхъэнкІийр нэхъ щІэзэтрихьа щІыпІэхэм табличкэхэр ягъэувырт, ахэр хьифІамыдэзэну цІыхухэр къыхураджэу.

Мы Іуэхугъуэм и кІэухым, сабийхэм щІыхьэху ящІри, уэрамхэр ягъэкъэбзащ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

НОБЭ

♦**Ставрополь крайм и махуэщ**

♦**Биографхэм я махуэщ**

♦**1744 гъэм** Урысейм и пащтыхь гуащэ Елизаветэ Пётр и пхъум Іэ щІидзащ цІыхум и хьэкумыр укІкІэ ящІэну зэрыхуимытым теухуа унафэм.

♦**1768 гъэм** Урысейм и пащтыхь гуащэ Екатерина ЕтІуанэм унафэ ищІащ Пётр Езанэм фэеплъ хуэщІыным теухауэ. Ар иджы «Гъуэплъэм къыхэщІыкІа шууей» фэеплъу Санкт-Петербург дэтыщ.

♦**1863 гъэм** Одессэ гъущІ гъэзгу ухуэн щыщІадзащ.

♦**1881 гъэм** Германием и къалащхьэ Берлин дунейм щыяпэу щауТІыпщащ трамвай зрикІуэ гъущІ гъэзгур.

♦**1924 гъэм** СССР-м къыщыдэкІащ «Мурзилка» сабий журналым и япэ номерыр.

♦**1929 гъэм** США-м япэ дыдэу щекІуэкІащ «Оскар» саугъэтыр зыхуагъэфэщахэм етыжыным теухуа гуфІэгъуэ дауэдапщэхэр.

♦**1954 гъэм** Налшык къыщызэІуахащ украин тхакІуэ Вовчок Марко и фэеплъ.

♦**1960 гъэм** Америкэм щыщ физик Мейман Теодор дунейм щыяпэу лазер ищІащ.

♦Адыгэ тхыдэдж, этнограф, тхакІуэ **Хъан-Джэрий СультІан** къыззралъхурэ илъэс 209-рэ ирокъу.

♦Адыгэ уэзщІакІуэ, щІэныгъэлІ **ХьэтІохъущокъуэ Къазий** къызэралъхурэ илъэси 176-рэ ирокъу.

♦Урысей къхьэльатэзехэу, Совет Союзым и ЛІыхъужь **Маресьев Алексей** къызэралъхурэ илъэси 101-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ **ЦІхьэгъэпсо Таужан** къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, РАЕН-м и академик, КъБР-м щІыхь зиІэ и экономист **Кьалэ Замир** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

♦Уэчыл, КъБР-м щІыхь зиІэ и юрист **Бэрокъуэ Хьэсэн-Алий** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІуатэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх кьыщешхьынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 16, жэщым градус 11 - 12 щыхьынущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Уи нэ гъаплъи, уи лъэ гъэув.

● КъБР-м и Парламентым

КъыкІэлъыкІуэ зэхуэсыр щекІуэкІыну пІалъэр яубзых

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэІущІэр иригъэкІуэкІащ республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм и унафэщІ Егоровэ Татьянэ. Абы Іуэху зэмылІэужьыгъуэу пщым щІигъум щыхэплъащ.

ДЕПУТАТХЭМ унафэ къащтащ Парламентым и зи чэзу пленар зэІущІэр нэкъыгъэм и 25-м зэхуэгъэсыным теухауэ.

А махуэм зыхэплъа Іуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хабзэ мардэхэм я Іуэхуі» КъБР-м и Законым и 18-нэ, 37-нэ статьяхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухауэ» республикэм и законым и проектыр. Законопроектыр ягъэхьэзыращ Урысей Федерацэм и Федеральнэ хъумакІуэ Іуэхущ Іапі Іэм Связь хэхамрэ информацэмкІэ КъБР-м щыІэ и центрым республикэм и Парламентым зэрызыкъуигъэзам ипкъ иткІэ.

Депутатхэм даІыгъащ «Нэгъуэщі къэралхэм я щІыхуэхэм Урысей Федерацэм щаІэ правовой щытыкІэм и Іуэхуі» (патентхэр зэрыратым и лъэныкъуэкІэ) Федеральнэ законым и 133-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ Магадан областым и депутатхэм къыхалъхьа жэрдэмыр, апхуэдэу Урысей Федерацэм Административнэ хъуаншагъэхэмкІэ и кодексым и 4.5-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухауэ Карелие Республикэм Законкэр къыдэзыгъэкІ и Зэхуэсым и жэрдэмыр.

Апхуэдэу зэІущІэм щыдгъэІыгъащ банкхэм лицензэхэр къыІахьжамэ, абыхэм щахъумэ ахъшэр мыкІуэдын папщІэ страховани къызэщІегъэзыбыдэныкІэ законым и проект зэхэлъхьэным, ерыскъы промышленностым, сырьём елэжь промышленностым я предприятэхэм ящыщу инновацэ Іуэхуэхэм елэжьхэм льготэ зиІэ кредиту иратхэр нэхъыбэ щыныным, а Іэнатіэхэм зегъэужьыным хуэгъэзауэ УФ-м и кьэрал программэ зэхэлъхьэнымрэ гъэзэщІэныкІэ УФ-м и субъект щхьэхуэхэм я парламентархэм къыхалъхьахэр.

ЗэІущІэм унафэ къыщащтащ щІэныгъэмрэ зэныншагъэр хъумэныкІэ Іэнатіэмрэ ехьулІэныгъэ инэжр къыззрыщахьам папщІэ Аслъэн Ахьмэд - «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапІэм медицинэмкІэ и факультетым госпитальнэ хирургиемкІэ и кафедрэм и унафэщІым, Леменев Владимир - «Москва къалэм узыншагъэр хъумэныжкІэ и департаментым медицинэ дэІэпыкъуэгъуэ псынщІэмкІэ Склифосовский Н. В. и цІэр зезыхьэ и щІэныгъэ-къэхутакІуэ институт» Москва къалэм и сымаджащ Іуэхущ Іапі Іэм гу-лъынтхуэ хирургиемкІэ и къудамэм и щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыщхьэм, Михайлов Игорь - «Москва къалэм узыншагъэр хъумэныкІэ и департаментым медицинэ дэІэпыкъуэныгъэ псынщІэмкІэ Склифосовский Н. В. и цІэр зезыхьэ и щІэныгъэ-къэхутакІуэ институт» Москва къалэм и сымаджащ Іуэхущ Іапі Іэм гу-лъынтхуэ хирургиемкІэ и щІэныгъэ къудамэм и унафэщІым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и ЩІыхь тхыльыр етыным теухауэ.

ЗэІущІэм и кІэухым спикер Егоровэ Татьянэ къигъэлъэгъуащ бжьыхьэ сессием КъБР-м и Парламентыр зэлэжьыну Іуэху нэхъыщхьэхэм я планыр ягъэхьэзыру зэрыхуэжьар. «Гулъытэ хэха хуащІынущ къэпщытэныгъэ лэжьыгъэр зэрекІуэкІым, апхуэдэу законхэр гъэзэщІа зэрыхъум. Абыхэм япкъ иткІэ, хуей щыхьум деж, республикэм и законодательствэм зэманым къигъэув къалэнхэм езэгъ зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэнущ», - жиІащ абы. КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым депутатхэр къыхуриджащ аналитикэ лэжьыгъэр нэхъ текъуэуэ ирагъэкІуэкІыну.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

● Си бзэ - си псэ, си дуней

Утыку итыкІэ зэращІэр нэрылъагъу пщызыщІ

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іэнатіэм къыхьхьэ Іэмалыщ Іэхэм тету, анэдэлъхубзэр егъэджэныкІэ бгъэдыхьэкІэщІэхэр къэгъэнэхуэным, Іэзагъ ин яхэлъу ахэр зи лэжьыгъэм хэзыпщэф курыт школхэр, сабий Іуэхущ Іапі Іэхэр, егъэджакІуэхэр, гъэсакІуэхэр гъэпэжьным, абыхэм я зэфІэкІым псори щыгъэгъуэзэным хуэгъэпсэ «Си бзэ - си псэ, си дуней» фестиваль-зэпеуэм 2017 гъэм кърикІуахэр наІуэ щащІ гуфІэгъуэ зэхьхьэ иджыблагъэ щекІуэкІащ Шэджэм къалэ дэт Щэнхабзэмкіэ унэм.

ЗэІУЩІЭМ кърихьэлІат Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министр **Емуз Нинэ**, абы и къуэдзэхэр, КъБР-м и щІыналъэхэм, щІыпІэ управленэхэм, курыт еджапІэхэм я унафэщІхэр.

КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ министерствэм къыбгъэдэкІ щІыхь тхыльхэмкІэ, саугъэтэхэмкІэ ягъэлъэпІащ зэпеуэм пашэныгъэр щІэзыбыда школхэр. Ялэ увыпІэр зэдаугуэшащ Шэджэм къалэ дэт, Дэбагъуэ Барэсбий и цІэр зезыхьэ езанэ курыт еджапІэмрэ Кэнжэ дэт 20-нэ курыт школымрэ. ЕтІуанэ увыпІэр хуагъэфэщащ Яныкъуей къуажэм, дэт Байсултанов Алим и цІэр зезыхьэ курыт еджапІэм. Ещанэ хъуащ Май щыналъэм хьыхь Котляревскэ станицэм дэт 8-нэ школыр.

ТуфІэгъуэ зэІущІэм щагъэлъэпІащ зэпеуэм пашэныгъэр щІэзыбыда школхэр. Ялэ увыпІэр зэдаугуэшащ Шэджэм къалэ дэт, Дэбагъуэ Барэсбий и цІэр зезыхьэ езанэ курыт еджапІэмрэ Кэнжэ дэт 20-нэ курыт школымрэ. ЕтІуанэ увыпІэр хуагъэфэщащ Яныкъуей къуажэм, дэт Байсултанов Алим и цІэр

зезыхьэ курыт еджапІэм. Ещанэ хъуащ Май щыналъэм хьыхь Котляревскэ станицэм дэт 8-нэ школыр.

ТуфІэгъуэ зэІущІэм щагъэлъэпІащ зэпеуэм пашэныгъэр щІэзыбыда школхэр. Ялэ увыпІэр къыщалъхьэ ГъэсакІуэхэр, егъэджакІуэхэр, еджакІуэхэр. Апхуэдэуи гулъытэ хуащІащ абы и къэпщытакІуэ гупым хэтхэм.

Пшыхьыр игъэдахащ ди адыгэ узрэджьІакІуэ, къэфакІуэ, джэгуакІуэ гупхэм.

Адыгэ хабзэм щІалІыкІ сабийхэм я дахагъыр, я бзэм и щэрыуагъыр, я къуэхьым и куугъыр, Іуэрыпуатэм фІыуэ зэрыхащІыкІыр, утыку итыкІэ зэращІэр нэрылъагъу пщызыщІ зэпеуэм кърикІуахэр наІуэ щащІа пшыхьыр псори зэхуэзарэзыуэ зэхуащІыжащ.

Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ къыдэкІыгъуэхэм ящыщ зым убгъуауэ тетынущ пшыхьыр зэрекІуэкІар.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

● Мэшыкъуэ-2017

ЩІалэгъуалэ зэхьхьэм кІуэнухэр феужьэрэкІ

«Мэшыкъуэ-2017» щІалэгъуалэ зэхьхьэм кІуэнухэм зрагъэтх хъунущ бадзэуэгъуэм и 1 пщІондэ.

АБы къыдэкІуэу, форумым и лэжьыгъэр кІэзззыгъэпэщхэм я дэІэпыкъуэгъу волонтёрхэри къыхах. ЩІалэгъуалэ зэхьхьэм щІидзэн ипэ ахэр ирагъэджэнущ.

Форумым хэтыну хуей-хэмрэ волонтёру кІуэнухэмрэ **www.машукфорум.рф** сайтым зыщрагъэтх хъунущ.



Мы гъэм щІалэгъуалэ зэхьхьэм ныбжьыщІэ мин 2-рэ волонтёри 150-рэ хэтынущ. Хабзэ зэрыхъуауэ, иджыри ар Іыхьитіу гуэшауэ екІуэкІынущ - щыщхьэуІум и 5-м щІыщІэдзауэ тхьэмахуитІкІэ.

Уи ныбжьыр илъэс 18 - 30-м къриубыдэмэ, гъащІэм зыщыбжьыну ухуейкІэ, еужьэрэкІи «Мэшыкъуэ» щІалэгъуалэ форумым зегъэтх.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 9-нэ статьям и Іыхьэ 7-м къару имыІэжу къэлъытэн.

2.13-нэ статьям и Іыхьэ 2-м хэт «зэхуэщІауэ» псалъэр зэхъуэкІын «зэІухауэ» жиІэу.

3. 16-нэ статьям и Іыхьэ 2-м хэт «псоми ящыщу» псалъэхэр зэхъуэкІын «кърихьэлІа псоми ящыщу» жиІэу.

4. 22-нэ статьям и Іыхьэ 3-м:

1) пунктхэу 6-мрэ 7-мрэ къару ямыІэжу къэлъытэн;

2) ебгъуанэ абзацым хэт «зэхуэщІауэ» псалъэр зэхъуэкІын «зэІухауэ» жиІэу.

5. 35-нэ статьям и Іыхьэ 4-м хэт «сессиехэр къыщызэІуахымрэ щызэхуащыжымрэ» псалъэхэр зэхъуэкІын «япэ сессием и зэІущІэр къыщызэІуахымрэ иужьрей сессием и зэІущІэр щызэхуащыжымрэ» жиІэу.

6. 42-нэ статьям и Іыхьэ 3-м хэт «зы сыхьэтым щІимыгъукІэ екІуэкІ» псалъэхэр хэгъэкІын.

7. 48-нэ статьям и Іыхьэ 2-1-м хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм, апхуэдэу законопроектхэм ятеухуауэ» псалъэхэр хэгъэкІын.

8. 49-нэ статьяр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын:

«49 статья

1. Чэзум пимыгъаплъэу Парламентым япэ ирегъэщІи хоплъэ:

1) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм Парламентым зэрызыхуигъаз, цІыхухэм зэрызахуигъаз тхыгъэхэм;

2) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и кІуэлыкъуэм ягъэувын папщІэ къыхахлъхьа кандидатурэхэм, Парламентым и унафэм хиубыдэ адрей кІуэлыкъуэм япыщІа Іуэхухэм;

3) Урысей Федерацэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм я Іуэхукіэ Урысей Федерацэм и законым и проектым;

4) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм я Іуэхукіэ республикэ законым и проектым;

5) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм тету Парламентыр къытригъэзэжу хэплъэн папщІэ къызрагъэзэжа республикэ законым;

6) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхукіэ республикэ законым и проектым;

7) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и договору (зэгурыІуэныгъэу) Парламентым кьищтэн папщІэ къагъэхьам;

8) чэзум памыгъаплъэу хэплъэн папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыхалъха законопроектым;

9) муниципальнэ щІыналъэм и лІыкІуэ органыр зэбгрыгъэкІыжыным и Іуэхукіэ республикэ законым и проектым;

10) Парламентым и Регламентым и проектым, а Регламентым халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм;

11) Парламентым хаха депутатхэм я нэхъыбапІэм зэщІыгъуу къыхалъха нэгъуэщІ Іуэхухэм.

2. Чэзум памыгъаплъэу зытепсэлъыхьыпхъэ Іуэхухэм щыхоплъэ Парламентым и зи чэзу зэІущІэу япэ дыдэ къызэІуахым е и Пальэр къэмыСу Парламентым хэхауэ зэхуигъэс зэІущІэм.».

9. 103-нэ статьям:

1) Іыхьэ 2-м дэщІыгъужьи мы къыкІэлъыкІуэ псалъэхэр: «(хуей щыхъуи деж Парламентым и правовой управленэм щыгъуу) законопроектыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 106-нэ статьям, мы Регламентым и 101-нэ статьям зэрезэгъыр еубзыху икІи законопроектым и купщІэр правовой и льэныкъуэкІэ зэпкърихьи, апхуэдэу ар Парламентым и компетенцэм зэрыхиубыдэр иубзыхун папщІэ Парламентым и Аппаратым и правовой управленэм а законопроектыр хуегъэхь»;

2) Іыхьэ 3-м дэщІыгъужьи «Парламентым и Аппаратым и правовой управленэм иубзыхуа тхыгъэмрэ» жиІэу.

10. 143-2-нэ статьям и Іыхьэ 2-м хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм» псалъэхэр зэхъуэкІын «зэІухауэ» жиІэу.

5. 35-нэ статьям и Іыхьэ 4-м хэт «сессиехэр къыщызэІуахымрэ щызэхуащыжымрэ» псалъэхэр зэхъуэкІын «япэ сессием и зэІущІэр къыщызэІуахымрэ иужьрей сессием и зэІущІэр щызэхуащыжымрэ» жиІэу.

6. 42-нэ статьям и Іыхьэ 3-м хэт «зы сыхьэтым щІимыгъукІэ екІуэкІ» псалъэхэр хэгъэкІын.

7. 48-нэ статьям и Іыхьэ 2-1-м хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм, апхуэдэу законопроектхэм ятеухуауэ» псалъэхэр хэгъэкІын.

8. 49-нэ статьяр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын:

«49 статья

1. Чэзум пимыгъаплъэу Парламентым япэ ирегъэщІи хоплъэ:

1) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм Парламентым зэрызыхуигъаз, цІыхухэм зэрызахуигъаз тхыгъэхэм;

2) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и кІуэлыкъуэм ягъэувын папщІэ къыхахлъхьа кандидатурэхэм, Парламентым и унафэм хиубыдэ адрей кІуэлыкъуэм япыщІа Іуэхухэм;

3) Урысей Федерацэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм я Іуэхукіэ Урысей Федерацэм и законым и проектым;

4) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм я Іуэхукіэ республикэ законым и проектым;

5) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм тету Парламентыр къытригъэзэжу хэплъэн папщІэ къызрагъэзэжа республикэ законым;

6) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхукіэ республикэ законым и проектым;

7) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и договору (зэгурыІуэныгъэу) Парламентым кьищтэн папщІэ къагъэхьам;

8) чэзум памыгъаплъэу хэплъэн папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыхалъха законопроектым;

9) муниципальнэ щІыналъэм и лІыкІуэ органыр зэбгрыгъэкІыжыным и Іуэхукіэ республикэ законым и проектым;

10) Парламентым и Регламентым и проектым, а Регламентым халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм;

11) Парламентым хаха депутатхэм я нэхъыбапІэм зэщІыгъуу къыхалъха нэгъуэщІ Іуэхухэм.

Къалэмбий (КІашэ Адэлджэрий)

АБРЭДЖХЭР

Адыгэ хъыбар

(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр №№76, 80-81-хэм итщ).

...ПСЫЖЬ адрыщІ щыдгъэхъам и гугъу зымахуэ пхузэщІыжащ. Апхуэдэ мащІэ дыхэта дэ! А псор пхузэсІутэжьифынкъым. ПхузэсІутэжа мащІэри щыхьэт техъуэркъэ мафІэ лыгъейм дыхэту гъащІэр зэрытхар. ЗекІуэ и вакъэ лажьэркъым, жалэ. Мыпхуфі зэрыдгуеям и гугъу умыщІыхьи, пщІэ диІэ хъуащ. Хэхэсу дагъыитэжьыртэкъым, къуажэм пщІэрэ щІэрэ зиІэу дэсым дыхабжь хъуащ. Си шынэхъыжьым и акъылым и хьэтыркІэ жьлэ щІалэгъуалэм дакъыхэщІыр, хасэ зэхьыхьэмэ, ди адэм жьантІэр кІыпІысыр. ЗэдауитІыр абы кІечэнджэщыт, ди адэм и псалъэм пщІэ-шхуэ игъуэтат. ПщІыр сыткІэ щхьэпэ, абрэджэхэм я пщІэр кІуэ пэтми нэхъ лъагэ зэрыхъуэ зи мыщІаси щыІэт. Къыдэфыгъуэнрэ щІэзыжьнрэ дгъуэтыпт, къыдэбиипи диІэнтэкъэ. ФІэлІыкІрэ гуащІэрэ димыІатэмэ, зы махуэм къетхъэІа къуентхъ щхьэкІэ далъытэну къыщІэкІынтэкъым. Ди дэтхэнэ екІэми, хасэм и пащхь къыщыптпсэлъ дэтхэнэ псалъэми ди лъабжьэр быдэ ящІ зэпытт. Іэджэ щІыхуГъэрэ ныбжьэГъуэ къыхтуэхьуащ, ди унэр щыІэ кІуэпІэт, ди щыгъупластэ деблэрэтэкъым. Абазэхэм я деж щыдгъуэта пщІэмрэ лъытэныгъэмрэ зыхуэдизыр къыбгурыІуэнщ, дызыдзэ кІуажэм и тхьамыдэ Хьэнцэ Хьэрун и пхъур си шынэхъыжьым къызэрыритар бжесІэмэ. Дэ, пщызбэщІынкъыми, дыуэрэкъ унагъуэ къызэрыгуэкІт, ди адэхъуэр щыпІ и лыгъабэуэ щытауэ аркъудейт...

Насыпыр къызэроуэІэнур пщІэнутэкъым. КъыздикІар умыщІэу, къыпхуокІуэ, щыкІуэжкІи аращ. Ди адэм насыпымрэ хьупІэм и шы дахэмрэ зэригъэпщэрейт. Ар щилъагукІэ, гъэзэрыкІуэр зэщІуэвыІыкІ, лъапэпщІий зещІри зиудыгъуааэ шым бгъэдокІуаэт. Мис нэсыпащ, зэ Іэбэжмэ - шыр къыІэрохьэ. Ауэ... шым зрегъэ, иотхуэрэр - макІуэ-мэлъей, и лъэбжьанэм кІырида щІы тыкъыпым гъэзэрыкІуэм и нэвагъэр иригъэлъагъуж. ЩІэщхъу зыщІыщІа гъэзэрыгкІуэр, шы дахэр зэрыпІэкІам щхьэкІэ и гъын къэкІуаэ, нэщхъейуэ іоижьж; шыр, кІуэм-лъэурэ, зи пщІыхьэпІи къыхэмыхуэ гъэрым и ешІэм щІохьэ...

Насыпым и щІыб къытхуигъэзэжащ дэри. Емынэ уз къоХьей. Іэджэ ихьащ узым. Дунейм екІжащ ди адэм. Мыращ уэсят кІыщІыжар: «ЦІыхум захэзгъэзагъэ, си щапхэр гъуаэз фхуреХьу».

Ди адэр димыІэж щхьэкІэ, ди Іуэхур екІэкІуэну фэ теттэкъым: си шынэхъыжьыр абы и пІэ иува хуэдэт. Е апхуэдэу къытщыхъурэт? Зыщыр уеІэжа ноужь, натІэкІэ дыжьэхэуащ ди адэм къыдиІуэкІан. Ар зэрядимыІэжрэ ди дамэр къута пэлъытэ хъуащ, адрей щІалэгъуалэм дахэгъэщэжащ, ди псалъэм зэрыпхэмыжьи щыІэтэкъым. Ди жагъуэгъуэкэ къыттегуплІэнтэкъэ, лъакъуэпэщІэдз къытхуащу щІадзащ. Хьэнцэ Хьэрунри щІрагъэгъуэжьину пыхьащ, «уи напэр уи Іэкіэ зытепхыжащ, уи пхъур кІишыж», - жаІэри чэнджэщ ирахьэлІэ. Пэжщ, ар жьІэгъуафІэ щхьэкІэ, щІэгъуафІэтэкъым, итІани уи нэщІыбагькІэ псалъэмакъ мыфэмыщ щІэзекІуэныр хэт и щІасэт? Апхуэдэ Іуэхум зэшитІым хэтщІыкІышхуэ щІэтэхьыми, ди жагъуэгъуэм къыткІэщІадзэ псалъэ фІейр дигу тхутемыГъахуэу дыщытэмакъкІэщІ кхъэхурт, апщІондэхуи жагъуэгъуэм къахэхъуэрт. Езыгъэлеипэр Джатэкіэщіхэ ящщ Бэрэкъейкіэ зэджэрт. Гупым пашэ яхузэхуэфу, шууейкІэ еджэу къэгъуэгурыкІуат ар. И насыпыншагъэтэ, ар шу ГъуаэзщІыхьфыр къыпопльэщІын щыщІымыІэм дежт. ЗыщІышынэм щыымыІэмэ, хъуар Іуащ: хьэм докІуей, жаІэ. Абы и бзэр гичащ, си шынэхъыжьыр гупым гъуаэзэ яхуэхъуа нэужь. Ди пащхьэ щитым дежи зы псалъэ къыптпимыдзыжьифми, ди щІыбагькІэ Бэрэкъей Іэджэ къибжьыт - и джэдыщхьэм къихьэ псор зыкІэщІиуТпащыкІырт. Апхуэдэ щІыхум къыуипэсынкІэ хъуну псор пщІэнукъым. Бэрэкъей зэрыпІэкІкІэ ди лъабжьэр къэтІ, бзэгу къыткІэпІыщІзэрехьэ. Пэжщ, хэти и фІэщ къунтэкъым абы къытхужиІэ псор, къэгъэпщІэгуафІэр мымащІэми. «Тэджжэ закъыфІэщІыжащ, ар дэри долъагу, я бжьэр хутеудыпТхэщІ». - Бэрэкъей и льэныкъуэ хъуам арат къытхужаІэр. Бэрэкъей бзэгуцэ и бзэр хуэскъутэну зэи-тІэуи и ужь сихьэгащ, арщхьэкІэ си шынэхъыжьым къысхуидатэкъым: «Жьлэм я пащхьэ къуанШэ дыщІмыхъун щхьэкІэ, ялпэ щІэддзэнкъым», - жери. «Зэ умыпІащІэ, - къызэжиащ си шынэхъыжьым, - Бэрэкъей иджьпстукІэ хьэм хуэдэу банэу аращ, щІыхбзэ зыкъищІмэ, итІанэ деплъынщ...» Ауэ хъэ банэ макъым и кІэм диплъэну ихатэкъым. Ди лъабжьэр изыщІыкІа жьыр нэгъуэщІ лъэныкъуэкІэ – дэри ди жагъуэгъуэри зыпэмыплъа лъэныкъуэкІэ къыщыкъуэуащ.

Пщихьэщхьэ гуэрым, си шынэхъыжьымрэ сэрэ хьэщІэщым дызДыщІэсым, зы щІалэщІэ, бауэбапщэу, къытхэлъэдащ: Алыхьыбгъ, Алыхьым иужькІэ си щхьэрэ си нэмысрэ Тэджжэ анэмэт фхузощІ», - жиІэри. Къэхъуар дэнэ щІытщІэнт, дыкъыщыльэтащ. Си шынэхъыжьыр щІэупщІащ анэмэт къытхуиущыкІэ. ЩІалэщІым и Іэр пщІантІэмкІэ ишиящ. ДыщІэкІащ. Бжьыбым пщащэ ныбжьыщІэ гуэр бгъэдэт. Тхъурымбэр къызэхуэр щыри абдеж щепхащ. Жэщыбгъ хьуху ди кузбжэ хуэтщІ ди хабзэтэхьым - кузбжэри гъэбдыдат. Іуэхур зытетыр къыдгурыІуащ.

- Модэкіэ шэ, - жиІэри си къуэшыр хьэщІэм дех ихьэжащ.

Кузбжэр Іусхьжри пщащэм сыбгъэдыхьащ: «НакІуэ, дахэ, унэм ныщІыхьэ». Пщащэм зыкъриГъэзэкІакъым, и нэпсыр Іэщхьэкіэ ирильэщІэкІащ. И Іэбгэр субыдым си гугъащ, арщхьэкІэ къезмыгъэкІуу ди унэІутым седжащ.

- Алыхьыр фщІэжмэ, ди унэ севгъэшэж, - къыхэгъэкІащ пщащэр.

- Ущіегъуэжа? - жысІащ сыпідыхьэшхыкІри.

- СызыхущІегъэжьин сщІакъым, сымыарэзыуэ сыкърихьэжьащ. Алыхьым дыкъелъагъу, гущІэгъу къысхуэфщІ, сымыщІэунэхъу!..

УнэІутыр къэсащ, и Іэблэр иубыдри пщащэр си нысэм дежи щІишащ. Сэри сакІэлъыкІуатэри, темыплъэкъуэкІыну яжесІащ. ХьэщІэщ бжэщхьэІум скъыблэгъэжауэ ди унэІутыр къыскІэлъос, пщащэр зы псалъэкІэ къызэрызэлъэІуР къызжеІэ. Зыхуэсхьынур сымыщІэу тызогъаэз, пщащэр къыщІызогъэш. И нэпсыр илъэщІыжауэ, игу нэхъ къызэрыГъэтыжагъэнти, пщащэр къызбгъэдохьэ:

- Сымыарэзыуэ сыкъызэрырахьэжьар бжесІащ. Сыкъезэыхьжьам сыхуеякъым икІи сыхуейкъым. Фи деж сыкъыщІрихьэлІар къуанШагъэ зэрилэжьар ещІэжри араш - хабзэм фыпгъэзэкъынш щхьэкІэщ. Фи унэ къуанШагъэрэ емыкІуРэ щевмыГъэлэжьыну сынывольэІу. Ди унафэр жьлэм ящынщ. Хабзэм ебакъуэрэ жьлэм я щІыб къысхуагъаэзмэ... Сыт сщІэн: схуэзэфІэкІмэ, къыстепсыа мыІуагъэр сшэчынщ. АпщІондэху сэ къызэхъулІэнумкІэ Алыхьымрэ щІыхумрэ я пащхьэ жэуап щыбохь. Фи унэ сисыху, сэ сышынэрэкъым. Арат бжесІэнр...

Зэхэсхэр си шынэхъыжьым жесІэжащ. «Іуэху щхьэмыпэщ, - жиІащ си къуэшым. - Пщэдей зытІэжьэнщ».

Си къуэшым щІалэщІэр хьэщІащым къыщІишащ, Іуэхур зэрыхьунумкІэ епсэлъэн папщІэ. Абы хэту куэбжэм адэкІэ псалъэмакъ къыщыІуащ. Куджэм сыдэкІмэ, сольаГъу гупышхуэ зэрызехьэу къызэрытхуэкІуэр. Хьэмпэ Хьэруни адрей тхьамадэхэри ящІыгъуэ. ЗэрыжьІэу къэпхъэрами ярейщ. Бжэгъу яГъэдалъэ, гуаХъуэ яГъэпІий, хьэ ирахужьа нэхъей. Щыри хьэщІэщым дыщІыхьажри детІысэхащ. Гупыр куэбжэм къыбгъэдыхьащ, кІий-гоууэ; хьэщІащым лІыжьитІ къыщІоХьэ.

- Жьлэр Тэджжэ я куэбжэм Іутщ, - жиІащ а тІым я зым, сэлам къыдаха нэужь.

- Феблагъэ, - жиІащ си къуэшым, - жьлэ псор тхуэмыгГэхьэщІэми, фы-къызэрытхуэкІуар ди гуапэщ.

- Берычэт бесынь, - жеІэ лІыжьым. - ДебгъэщІ, дызэрыгъэхьэщІэфынур дощІэ. ДыхьэщІэну дыкъежьащ. Уэри, Хьэрычэт, уэри, МатІэ, федаІуэ жьлэм лІыкІуэ къыфхуащІам къывжаІэнум. Фыкьытхамылъуами, шынэхъыщІэхэ, тщыщ фыхъуащ, къыддалъхуам хуэдэу фыдолытэ. Илъэс тІощІ хъуауэ фыкъыддопсэури аджьри къэс, дызэрыщІигъуаэзмкІэ, фэркІэ мыарэзыныгГэ зиІэ жьлэм къыхэІакъым. Фэри фигу Іей къытхуимыльынкІэ догугъэ. Аращ къыджэбзыр зейм ефтыжьыну жьлэр къыщІыхьэльэІур. Абы емыкІу къыфхужэкІынкъым. Аракъэ жьлэм я лъэІур? - зригъэзэкІащ лІыжьым и гъусэм джекІэ. - Дзэгъэхуаламэ, уэ щІыгъуж.

- ЩІыбгъужьи щыІэкъым, - жиІащ адрей лІыжьым.

ЩІым елъэІыхьу, си шынэхъыжьыр куэдрэ гупсысащ. Сэ абы сыпэплъэрт. Ди хьэщІэр пІланэпэм дэтщ, къыгурИчу. Жьлэнэр жьлэ нэужь, лІыкІуэхэр башкІэ теуІуащ, жьлэм жэуап яГъуэтыжькІэ кърагъэкІыу.

- Дэ, - жиІащ Лъэрычэт, и щхьэр къимыІэту, - дыгъуамэт, жьлэм къытхуащІар тщыгъупщатэмэ. Апхуэдабзэу емыкІу хъунт, жьлэм я лІыкІуэм нэмыплъ еттами. Ауэ жьлэм сыт хуэдиз пщІэ хуэтщІми, «СывианэмэтщІ!» - жиІэу ди унэ кьыхьам ди щІыб хуэдгъэзэфынкъым. ИтІани, жьлэм и пащхьэм къуаншэ дыщІмыхъун щхьэкІэ, мы Іуэхур хеящІэм и ІэмышІэ идолъхэ. Шэч къытевмыхьэ абы къытхуищІ унафэм дыззреувэлІэнум.

- Хьэуэ, Хьэрычэт, уи жагъуэ умыщІ, сабиим хуэдэу узэрыщыуэр бжесІэмэ. Тхъэмадэхэм фи унэм и пщІэр яІыстэ, игъащІэкІи емыкІу фэдлэжьыпІэнкъым. Уэахуэкъым иджьпсту. Пэжыр щынэрылъэГъум хеящІэ хуейкъым. Лейуэ щхьэ дывгъэпсалъэрэ? Фи хьэщІэм къуаншагъэ илэжащ. ЩІалэщ, щыуащ, и Іуэху зетхуэркъым. АтІэ щІалагъэкІэ зэхэт жьлэр? Ди унагъуэм иІэ пщІэм и хъэтыркІэ жьлэр мыбыкІи дывэувэлІэнщ: зы щІалэ зыщІрегъуи, МатІэ хъыджжбзым иреупщІ - арэзыуэ хьэщІэуэса фи хьэщІэм? Хъыджжбзыр арэзымэ, псалъэмакъ ильхъым. Мыарэзымэ, жьлэ псом фапэуву мы Іуэхур фи пщІэ щІыдэфІъхьэн щІыкъым.

Ар щІэзэхихьм, пІланэпэм дэт щІалэ хьэщІэр къиІьащ, и гущхьэм къамэкІэ епыджа нэхъей.

- Си щхьэгъусэ стрихину зыри хуитхьум, - жиІащ абы, нэхъыжьхэм я пащхьэ къыщыпсэлъыпхъэмрэ къыщымыпсэлъыпхъэмрэ щІигъупщжауэ, и фэри шэхуу пыкІауэ. - Си псэр пытыку, си анэ къиІьауари езгъэупщІыкъым!

- Укъимылъ, щІалэфІ! - жиІащ лІыжьым. - Жьлэ псом уапэувыфынкъым. Делагъэ умыщІэ. Зи пащхьэ уит мы щІалэ захъурэзманхэм я ІэмышІэ илъхэ уи Іуэхур - аращ нэхъ тэмэмыр. Уи джэдыпсэмкІэ пхузэфІэкІын щыІэкъым.

- Си хьэдэм фебэкъуэнщ, абы фепущІын щхьэкІэ! – кІиящ щІалэр, аргъэру къиІьри. Си къуэшым зэтриГъэувыІэжащ.

- УдихьэщІэмэ, - жриІащ Хьэрычэт щІалэм, - Іуэхур ди ІэмышІэ илъхэ. Ди насыпыншагъэр зыщ. Зэкіэ тесабыпэ. ЛІыжьхэр щІэкІыжащ, мыгувэуи къагъэзэжащ, зы щІалэ зыщІыгъуу хъыджжбзым сеупщІын зэрыхуейри аргъэру къытпаубыдащ. Си къуэшым сыхуеплъэкІащ. «КІуэ» жыхуиІэу, и щхьэр иящІащ. Хъыджжбзым къызжиІам аргъэру къытригъэзэжащ, нэхъри хикъуэзу, къезытар и Іыхьлыхэр зэрымыарар, атІэ ди хьэщІэм и щІыхуГъэ гуэру зэрыщыгри къызжиІащ.

- ЖытІатэкъэ, жьлэр щыуэркъым. Фэри фольагъу, сыт нэгъуэщІ илъыжьыр? - жаІащ лІыкІуэхэм.

- ХеящІэм унафэ ирещІ, - жэуап итыжащ Хьэрычэт. - Арыншауэ дигу зэгъэнукъым.

- ХеящІэми Іуэхур зытрищІыхьынур хъыджжбзым и псалъэрщ, - ядакъым лІыжьхэм.

- ХеящІэ! Сыт хуэдэ унафэ ящІми, аращ! - икІуэтакъым си шынэхъыжьыр.

- Хьунщ, тхьамадэхэм я деж нэдгъэсыжьынщ. Абы зэрыжаІэу ирехъу.

ЛІыжьитІыр щІэкІыжащ.

- Захуэр ахэращ, - жиІащ Хьэрычэт, хьэщІэм зыхуигъаэзри. - ХеящІэр зэпІыныр хъыджжбзым жиІэнуращ. НэгъуэщІ гугъапІэ уиІэ?

- ГугъапІэу сиІэр фэрэ Алыхьымрэщ. ЛІым и фызыр щытрах къэхъуамэ, сыт сщІэн, щІэщхър зыхуэзэгъэшэчынщ. Зэи къэмыхъуауэ мыр нобэ щыпэкъэхъумэ - абыи хуитыр Алыхьырщ...

- Сыт хеящІэ! ХеящІэ щІащІ Іуэхуэкъым ар! - кьыхокІиикІ гупыр, бжэгъу яГъэдалъэ, губжь тхужаІэ. Ди щхьэ дгъэщхъуэуэ додаІуэ. Іэуэпльауэр нэхъ и мэхъу, кьыззрогъэпльэ. Зыр адрейм дожьу. «Хэхэс дгъэ къэна, ди жьлэ щыщми хуэздэнкъым ар!» - кьежжьащ зы, бжэгъур ишэщІри, бжьхьым епыджжащ. Бжьхь ІІорысэр ещІащ, банэр лъейуэ. Щыри хьэщІэщым дыкъыщІэжащ.

- Мыр сыт? Гъунэгъу къытхуэкІуар хьэмэ ди бий?! - ятэуващ си шынэхъыжьыр.

- Ди гъунэгъуГэр зымылъытэм бий дыхуэхъуфынущ! - кьыхэкІиикІащ гупым макъыхъу гуэр.

- ФызэбгрыкІыж! Хъыджжбзыр зейм ишэжащ! - зэхэдох асыхьэтым.

КІэрахъуэр гъэпкІэу зыІэщІэлъ ди хьэщІэр пІанІэзыпІэм гупым яхэбзэхащ. Сэри зисчат, си шынэхъыжьым сиубдащ.

- Мыкъэ зимыІэжьым щхьэкІэ уимыль, - жиІащ абы. - Іуэхум кІэ игъуэтащ, кьигъэзэжьынкъым. Ди унэм емыкІу лажьэр кьиІьащ.

Шэуэ кьысстехуащ а псалъэр, зэрызгъэщІэгъуэнур сщІэркъым.

- Уэра ар къыхжезыІэр, Хьэрычэт? - сигу ебгъауэ, нэмысри сщыгъупщжауэ сыжьхэзэпІъащ си шынэхъыжьым.

- Сэращ. Сэращ бжезыІэр, Хьэрычэтщ.

- Уэрамэ... уэрэмэ, - сэ нобэ усцІыхужьыркъым.. Уэ... къъэрабгъэщ!

- Ирехъу арауи, - кьыпидзыжащ си шынэхъыжьым, хэпльэу здэщытым. СщІэркъым ар асыхьэтым зэгупсасар. Зыри къэмыхьуа нэхъей, зэфІэтт ар, хэпльэу.

- Ар къытщыщІа нэхърэ, дыпІамэ, нэхъыфІт! - жысІащ сэ, си нэпсым къызэпижьыхьауэ.

- УпІэныр хьэпльэкъым. Хэт и къэрабгъи пІэфынущ. Сыт и мыхьэнэ? ПІэныгъэкъым дэ иджы дызыхуейр, гъащІэщ. Ди емыкІур ттхьэщІыжьым щхьэкІэ!

Абы ирихьэлІэу ди щІалэ хьэщІэр кьыдбгъэдашэжащ, и фэр шэхум хуэдэу пыкІауэ. И цей щІэрыпсыр зэхачэтхьат, кІэрахъуэр иІыгъыжтэкъым.

- ЕвгъэблэгъэкІи фи хьэщІэр! - ауан хэпльу жиІащ зым. - Іуэхум кІэ игъуэтащ, фемыІалІэ. ЗыщІвгъэгъупщжи нэхъыфІщ.

- Зыщідгъэгупщэжынщ, - жиІащ си шынэхъыжьым, зыри зыпымідзыжьыфи макъкІэ.

ЩІалэр хьэщІэщым щІэтщэжащ, ди напэр сыцуу; пхъэрыр щхьэж и унэкІэ зэбгрыкІыжащ. Куэдрэ дыщысащ щІыму, ди щхьэр зэхуэсымыІэту. Жьэгум мазэрэ щІыпІэ щхьэкІэжащ, хьэщІэщ кІэуІыр кІыфІ хъуащ.

- ЩІхьэ дэзэхэс! - къэпсэлъащ Хьэрычэт.

- Уэ нэхъ пщІэнщ, - жысІащ сэ. - «Дызыхуейр гъащІэщ» жыпІащ. Къыджеі атІэ: сыт дыщІыхуейр?

- Ди хьэщІэ, ГъусэжьІуэфынну? - ещІащ си шынэхъыжьыр щІалэ нэщхъейм. - Уэ пхуэдабзэу ди напэри теКІащ. Мыдрэщ.

- Фи унафэмкІэ сыарэзащ, - жиІащ щІалэм. - «Хьэуэ» жыфІэмэ, си пІэ ситІысхьэжынщ.

- Ларэзымэ, зыщІэтІэжьэн щхьэкъым. Мы жьлэр нэхъ мыщ щыкІэ дыбгынэн хуейщ - мыбы диШх щыІэжкъым.

- Ар пэжщ, - жысІащ сэ. - Къэхъуам и ужькІэ аращ длажьэпхъэр. Ауэ... дэ унэ, лъапсэ диІэщ.

- Дэ зыри диІэжкъым. ДиІэр шырэ джатэрэщ, емыкІур щІыгъуу, - кьыспэрыуащ Хьэрычэт.

- Дауи щрет, псори хьІфІэддзэу дежажьэ хъунутэкъым...

Сэ, пэжыр бжесІэнщи, сызэлІалІэр си нысэрат, Хьэрычэт бы зэрытемыпсэлъыхьынур сщІэрти. УнэІутхэмрэ мылъкумрэ си гуэм къызэрыщІитхъ щыІэтэкъым. Хьэрычэт си нысэр иригъэкІыжьыфыну унафэ ищІащ, сыпэрыуа щхьэкІэ къымыГъанэу. Ди пхъэщІэр еджауэ кьыщІэкІащ; тхьылъымпІэ кІапэ къищтэри Хьэрычэт и унафэр иритхащ: ар, Хьэрычэт, балигъ хьуа щІалитІ и щыхьэту, и щхьэгъусэм покІ, игъащІэкІэ дэуэгъу зыхуищІыжьынкъым; щІыпІкІыр мы зыхэху Іуэхурщ, нэгъуэщІкІэ игу ебгъакъым, игуэрэмыбгъам папщІэ сом щиплІрэ унэм хьэпшыпу иІыымрэ ирет. Унэ Іутхэмрэ мылъкумрэ я унафэр нэгъуэщІ тхылымпІэм иттхащ. Унэ Іутхэр дутІыпщыжащ е дэ, е ди бын (апхуэдэ диІэ хъумэ) дыщІэупщІэху. Шыхэри, Іэщри, мэлри унэ Іутхэм еттащ. ТхылъымпІэ кІапитІри унэ Іутхэм я нэхъыжьым анэмэт хуэтщІащ...

ИтІанэ щыри дышэсщ, нэгъуэщІ шы зырэри здетшажьри къуажэм дыдэкІащ, хьэр къыткІэлъыбанэу.

ЕтІуанэ махуэм и пщыхьэщхьэм мэхъуэшхэм я хэкум дихьащ. Хьэрычэт и нэІуасэ тхьэмадэм, Кьербэчкіэ зэджэм, дригъэблэгъащ, Хьэнцэ Хьэрун и жьлэр дэнэ къэна, къэралыгъуибл бий къытхуэхъуами, жьщІагъэ кьыдижьну зэрыхьэзэрымкІэ дыкъыгъэбыдэри. Пэжыр жьпІэнымэ, дэ дэІэпІкъэгъуэкІэ зыми дыщыгугъэрытэжьым, дызэщыгугъэжьжьи ди щхьэрт.

Тхъэмахуит хуэдиз щетхьэкІащ Кьербэч и хьэщІэщым. ХьэщІэщым Іэджэ щыізэблэкІырт - дытеурт, драгъэззэшыртэжьым. Кьербэч хуэдэ щІыху ерекІ, шынэхъыщІэхэ! - жиІащ Кьербэч сэрэ ди хьэщІэмрэ зыкъытхуигъаэзри. - Гъэгу махуэ! Фыкьысхуейуэ хъумэ, дапщэщи сыхьэзырщ!..

Бысымым сэлам етхьжри дышэсыжащ.

ХЬЭНЦІЭ хьэлІэ пэмыжьжьэу мэзышхуэ итащ. Иужьым сэлэтхэм ираупщІыкІащ ар. Нэхъапэм а мэзым щІыхьэфу щытар закъуэтІакъуэщ - убыххэм щышынэрт. Мэзым дыхьхьэри нэхъ дыджьпІэ дыдэм дыщепсыкащ. ЩІэльахъэ итлъхьэри шыхэр мэзым щІэдутІыпщхьащ... КьамкІэ бжэгъу, чы пыдупщІащ, пщІыІэхэтсащ - уэшхэм, ухутыкъуэуэ кьоб-гъэрыкІуэми ущихъумэн хуэдэу. ПщыІэ кІуэщІым удзыжьыр щІэдгъэкъэбзыкІащ, щыуэ зэпрытхуКІри щІэуфэ щаби щІэддзыжащ. Уэнжакъ хуэдэу пхрыдгъэмбам хуэзанщІэу жьэгу тщІащ. Уэнжакъыр жьигей абрагъуэм хуэкІуэрти, Іугъуэм пщІащІ Іувым зыхигуэшэнт. ПщыІэр хэтса нэужь, мэз дэгум дыщыпсэуэ зэрыхъунумкІэ дызэчэнджэщащ. Ди уэнэІутхэм ящыщ зым дзыхь едгъэзэн мурад тщІащ. Мэз пІьапэм тет жьигеижьыр хуэдгъэпльагъуэмэ, шхын кьихьуэрэ абы и кугъуанэм ирилъхьэнщ. ПщыІэр щыІэхэсар зэрыхуищІэкІыну псор пщІэрэ?..

Пшапэр зэхэуа нэужь, гъуэгу дытехьащ. Шыхэр пщыІэм къытеднащ, гъэ защІэ хъыданкІэ къэдгъэтІыльыхьри - дыгъужь бгъэдэмыхьэн щхьэкІэ. ЦекиІэр дэдупщІащ, фочыр ди дамащхьэм тетпхьхьащ. Мазэхэ жэщт, пшэ фІыщІэм уафэр исеят. Уэшх кьемышх закъуэмэ, арат. Кьешхакъым уэшх, жьышхуэ кьыкьуэуащ, мэзыр Іэуэльауэ хъуащ. Кьужжбгъуэм щыльэ губгъуэ нэщІым жьыр щокъугъ. Гупсысэ хьэльэ къыспкърыуащ. Сыубжьытхэри, дзапэ уэрэд кьыхэздзащ, Ільы хуэмыфащэ гупсысэ мыфэмыцІр зыщхьэщІысхуН щхьэкІэ.

КъызыхэкІари умыщІэу, гупсысэ гуэрым ущиубыщ щыІэкъэ?.. Къэхъуари къэщІари умыщІэу, нэщхъей укъохъу, уи щхьэ кущІыр зыгуэрым тенэрт, къытщІэлъэр дигу къыщыщІыхьэту, и щхьэгъусэм покІ, игъащІэкІэ дэуэгъу зыхуищІыжьынкъым; щІыпІкІыр мы зыхэху Іуэхурщ, нэгъуэщІкІэ игу ебгъакъым, игуэрэмыбгъам папщІэ сом щиплІрэ унэм хьэпшыпу иІыымрэ ирет. Унэ Іутхэмрэ мылъкумрэ я унафэр нэгъуэщІ тхылымпІэм иттхащ. Унэ Іутхэр дутІыпщыжащ е дэ, е ди бын (апхуэдэ диІэ хъумэ) дыщІэупщІэху. Шыхэри, Іэщри, мэлри унэ Іутхэм еттащ. ТхылъымпІэ кІапитІри унэ Іутхэм я нэхъыжьым анэмэт хуэтщІащ...

ИтІанэ щыри дышэсщ, нэгъуэщІ шы зырэри здетшажьри къуажэм дыдэкІащ, хьэр къыткІэлъыбанэу.

ЕтІуанэ махуэм и пщыхьэщхьэм мэхъуэшхэм я хэкум дихьащ. Хьэрычэт и нэІуасэ тхьэмадэм, Кьербэчкіэ зэджэм, дригъэблэгъащ, Хьэнцэ Хьэрун и жьлэр дэнэ къэна, къэралыгъуибл бий къытхуэхъуами, жьщІагъэ кьыдижьну зэрыхьэзэрымкІэ дыкъыгъэбыдэри. Пэжыр жьпІэнымэ, дэ дэІэпІкъэгъуэкІэ зыми дыщыгугъэрытэжьым, дызэщыгугъэжьжьи ди щхьэрт.

Тхъэмахуит хуэдиз щетхьэкІащ Кьербэч и хьэщІэщым. ХьэщІэщым Іэджэ щыізэблэкІырт - дытеурт, драгъэззэшыртэжьым. Кьербэч хуэдэ щІыху ерекІ, шынэхъыщІэхэ! - жиІащ Кьербэч сэрэ ди хьэщІэмрэ зыкъытхуигъаэзри. - Гъэгу махуэ! Фыкьысхуейуэ хъумэ, дапщэщи сыхьэзырщ!..

Бысымым сэлам етхьжри дышэсыжащ.

ХЬЭНЦІЭ хьэлІэ пэмыжьжьэу мэзышхуэ итащ. Иужьым сэлэтхэм ираупщІыкІащ ар. Нэхъапэм а мэзым щІыхьэфу щытар закъуэтІакъуэщ - убыххэм щышынэрт. Мэзым дыхьхьэри нэхъ дыджьпІэ дыдэм дыщепсыкащ. ЩІэльахъэ итлъхьэри шыхэр мэзым щІэдутІыпщхьащ... КьамкІэ бжэгъу, чы пыдупщІащ, пщІыІэхэтсащ - уэшхэм, ухутыкъуэуэ кьобгъэрыкІуэми ущихъумэн хуэдэу. ПщыІэ кІуэщІым удзыжьыр щІэдгъэкъэбзыкІащ, щыуэ зэпрытхуКІри щІэуфэ щаби щІэддзыжащ. Уэнжакъ хуэдэу пхрыдгъэмбам хуэзанщІэу жьэгу тщІащ. Уэнжакъыр жьигей абрагъуэм хуэкІуэрти, Іугъуэм пщІащІ Іувым зыхигуэшэнт. ПщыІэр хэтса нэужь, мэз дэгум дыщыпсэуэ зэрыхъунумкІэ дызэчэнджэщащ. Ди уэнэІутхэм ящыщ зым дзыхь едгъэзэн мурад тщІащ. Мэз пІьапэм тет жьигеижьыр хуэдгъэпльагъуэмэ, шхын кьихьуэрэ абы и кугъуанэм ирилъхьэнщ. ПщыІэр щыІэхэсар зэрыхуищІэкІыну псор пщІэрэ?..

Пшапэр зэхэуа нэужь, гъуэгу дытехьащ. Шыхэр пщыІэм къытеднащ, гъэ защІэ хъыданкІэ къэдгъэтІыльыхьри - дыгъужь бгъэдэмыхьэн щхьэкІэ. ЦекиІэр дэдупщІащ, фочыр ди дамащхьэм тетпхьхьащ. Мазэхэ жэщт, пшэ фІыщІэм уафэр исеят. Уэшх кьемышх закъуэмэ, арат. Кьешхакъым уэшх, жьышхуэ кьыкьуэуащ, мэзыр Іэуэльауэ хъуащ. Кьужжбгъуэм щыльэ губгъуэ нэщІым жьыр щокъугъ. Гупсысэ хьэльэ къыспкърыуащ. Сыубжьытхэри, дзапэ уэрэд кьыхэздзащ, Ільы хуэмыфащэ гупсысэ мыфэмыцІр зыщхьэщІысхуН щхьэкІэ.

КьызыхэкІари умыщІэу, гупсысэ гуэрым ущиубыщ щыІэкъэ?.. Къэхъуари къэщІари умыщІэу, нэщхъей укъохъу, уи щхьэ кущІыр зыгуэрым зэІипщІыкІ хуэдэщ. ШейтІанраУэ жаІэ апхуэдэ гупсысэ уи гум къыщыщІыгъэушыр - уи лІыгъэр пІрихьу къэрабгъэ уищІын щхьэкІэ. ШейтІанра ар зи лажьэр, хьэмэ нэгъуэщІ - зыщІэр Алыхьырщ, ауэ дэ, щыри, а жэщым щыгъуаеІуэ кІуэм дрещхьт. Ди напІэ къэдмыІэту, кьуажэм къещІэкІа банэ сэрэм дыбгъэдыхьащ; къуажэм псэм и Іэдэм дэмысыжьмэ ярейщ. КІыфІщи, нэм къащІэІэбэр пльагъуркъым. Жьапщэм и закъуэщ къуажэм щы-Іэуэльауэр: къамыл унащхьэр треч, бжьых ІІорысэкэр егъэхьщІэ.

Къуажэм дыдыхьэн и пэ дызыщІэуВыыкІащ. Хьэрычэтрэ Исмелрэ, арат ди хьэщІэм и цІэр, Іуэхум зыхуагъэхьэзыру щІадзащ, сэ ди унэІутым деж саутІыпщащ, ди унафэр жесІэн щхьэкІэ. Си гур кьилъэту къэзгъэуащ сэ унэІутыр, унафэр жесІэри къэзгъэкІэрэхьэужащ, зи щІыб къытхуэзыгъэзжа насипыр къыскІэлъы-Іэбэ сфІэщІу. Си лъэдакъэпэр зыгуэрым пчъ хуэдэт, си гур ди хьэщІэщым хуэпабгъэрт - зэ нэхъ мыхъуми сыщІэпльэжащэрэт... Сыбгъэдыхьри хьэщІэщыбжэм секуащ - гъэбдат; щхьэгъубжэри кьеГъэбдэкІат... Хэт къыхуепсыхьыкІ иджы хьэщІэ?.. Си нэпсыр искІутыным тІэкІунитІащ иІэжар. ХьэщІэщым ерагъыу сыкъыбгъэдэкІыжри си шынэхъыжьымрэ Исмелрэ къыщыпсэплъэм згъэзэжащ. ТІури хьэзырт, сэрат зыпэплъэр. Аргъэру дызэчэнджэщри дызэбгрыкІащ. Хьэрычэт хуэкъэжкур кьыхихащ - ар нэхъ шынагъуэт, цІыхубэт. Исмел сэрэ кьуажэбгъу зырызымкІэ дунэтІащ. Іуэхур зэрІэкІа нэужь, банэ сэрэйм адэкІэ щыт Іуащхьэм дыщызэрихьэлІэжащ, дыбауэ-дыбапщэу; щыри дызэхэцІэлат, дыкІэгъуаесэ защІэт, ди пащІэ-жькІэр мафІэм илыгъуат.

- КъыфщымыгъупщаІаУэ пІэрэ? - къыздэупщІащ Хьэрычэт...

Жьым мафІэр иІэтащ, къуажэм Іугъуэ фІыцІ

АкъылыфIэхэр ягъэпажэ

● Гъуаздж э

Сабий творчествэмкIэ республикэ унэм щекIуэкIащ «Гостеприимный Кавказ» урысей лъахэхутэ зэпеуэ-конференцымрэ егъэджакIуэхэм я семинарымрэ. Зэхэхьэхэр къызэрагъэпэщащ «Интеллектуально-творческий потенциал России» лъэпкъ егъэджэныгъэ программэм, щIэныгъэхэмкIэ «Интеллект будущего» урысейпсо академие цIыкIум («МАН») и республикэ къудамэм, егъэджэныгъэм, щIэныгъэм, щэнхабзэм зегъэужьыныкIэ «Обнинский полис» центрым, «Урысей географие зэгухьэныгъэ» урысейпсо Iуэхущ1апIэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэ къудамэм, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм Сабий творчествэмкIэ и республикэ унэм я лэжьакIуэхэм. Проектым и унафэщIыр Обнинск къалэм щыIэ «Интеллект будущего» МАН-м и Iэтащхьэм и къуэдзэ Синицинэ Ольгэщ.

ЗЭХЫХЬЭХЭР къызэрагъэпэщащ щIэблэр щэнхабзэм, гъуаздж эм, я лъахэм и тхыдэм, псэукIэм хагъэгъуэзэн, щIыupсыр фIыуэ ялъагъуу, абы и хъумакIуэу къагъэхъун, ныбжьыщIэхэм я зэфIэкIыр кьагъэнэIуэн папщIэ.

Зэпеуэ-конференцымрэ егъэджакIуэхэм я семинарымрэ мэлыжьыхьым и 20-22-хэм екIуэкIащ. Я1пэ махуэм хьэщIэхэр зэрагъэцIыхуащ икIи Налшык къалэм и щIыпIэ дахэхэмрэ музейхэмрэ зыщрагъэпльыхьащ. Ныбжьыщ1эхэр хэтащ «Седой Эльбрус собирает друзей» акъылыфIагъэ джэгум, викторинэхэм. ЕджакIуэхэм щIэщыгъуэ ящыхъащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Увыж Мурат и «Лъэпкъ къафэхэм я школ» мастер-классыр.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм конференцыр къызэIуахащ. ЗэIущIэм утыку къыщрахьащ «Интеллект будущего» щIэныгъэхэмкIэ урысейпсо академие цIыкIум и республикэ къудамэм и лэжьыгъэхэр. Абы щыхьыщIэхэм пхагъэкIащ я къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ проектхэмрэ. А махуэм къызэрагъэпэщащ еджакIуэхэм я акъылыфIагъэ-творческэ лъахэхутэ зэхьэзэхуэр.

ЕгъэджакIуэхэм папщIэ ирагъэкIуэкIащ «Психолого-педагогическое сопровождение личности в поликультурном пространстве школы» семинарыр. Ар зэхуишэсащ психологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и педколледжым и профессор **Къагьырмэс Лаурэ**.

Сабий творчествэмкIэ республикэ унэм и актовз пэшым щагъэпэжащ зэпеуэм къыщыдэхажаныкIа ныбжьыщIэхэр. Къищынэмыщ1ауэ, дэтхэнэзи ираташ зэхьэзэхуэм зэрыхэтам щыхьэт техьуэ щIыхь тхыльтхэр. Пшыхьым кьурихьэлIахэм ягу дыхьащ зэхьэзэхуаэм ята концертыр.

Зэпеуэм хэтащ Къалмыкъ, Шэшэн, Осетие Ищхъэрэ республикэхэм, Ставрополь крайм, Свердловск, Новосибирск областхэм, Краснодар крайм я еджакIуэхэр.

Мэлыжьыхьым и 22-м хьэщIэхэм республикэм зыщрагъэплъыхьащ икIи аэхр пщыхьэщхьэм ирагъэжьэжащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

«Щ1ыIащ зауэ, щ1ыIащ текIуэныгъэ»

● Гъэлъэгъуэныгъэ

А фIэщыгъэм щIэту накъыгъэм и 5-м Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ Сурэтыщ1 гъуаздж эхэмкIэ музейм гъэлъэгъуэныгъэ гъэщIэгъуэн къыщыдэIуэхащ.

НЭПСРЭ лIыгъэкIэ псыхьа зауэ лъэхъэнэр Iупщ1у уи нэгу къыщ1эзыгъэувэ сурэтхэм узыгъэгумэщI теплъэгъуэхэм ращрихьэлIэрт. - ТекIуэныгъэ Иным хуэгъэпсауэ Налшык къалэ дауэдапщэ кхуэш щокIуэкI, мы гъэлъэгъуэныгъэри а махуэ лъапIэм теуауащ, - жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** выставкэр къыщызэIуихым. - Музейм и зы пэщым классикхэм ТекIуэныгъэр зэралъагъур щызэхуэхьэсащ, етIуанэ пэщым Хэку зауэшхуэм хэтахэм, щIыналъэм и сурэтыщIхэм я Iэдакъэщ1экIэхэр щыфIалъгъунущ. Дэтхэнэ лэжьыгъэми зауэжьым и Iыхьэ щынагъуэ кьэпотущкIи. Ди щхьэхуитыныгъэм щхьэузыхь зыхуащIащ куэдым, къэмыIэнджэжу зауэм хэтахэм я цIэр нобэми Хэкум щыгъупщакъым. 115-нэ шуудзэм хуэгъэпсауэ Пащ1ты Герман и Iэдакъэ къыщIэкIа сурэтым феплъыт. Ар хуэдэщ лъэхъэнэхэр зэпызыщIэ лъэмыжым.

- Хэку зауэшхуэр зыльэмыIэсарэ абы имыгъэгуIа унагъуэрэ щыIэу къыщIэкIынкъым. Мы гъэлъэгъуэныгъэм ди сэлэтхэм яхэлъа лIыгъэр Iупщ1у къыщыхоущ. Ди цIыхуэхэм я хахуагъэр нобэми бэм ящыгъупщакъым, зэманыр кIуэху я щIыхьыр нэхъ ин мэхъу ар мыхъумэ, - жиIащ КъБР-м и Лъэпкъ музейм и упщIэщI **Накуэ Феликс** къыщыпсалъэм.

Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ музейм и къудамэм и унафэщI **Леонтьевэ Нинэ** къыщыпсалъэм фронтым Iутахэм я Iэдакъэщ1экI сурэтхэр зэрыльапIэр, щIэблэм хэкупсэ лъагъуныгъэ яIуу къэгъэтэджныкIэ абыхэм я мыхьэнэр зэрыиныр къыхигъэщащ.

- Мы гъэлъэгъуэныгъэм щызэхуэхьэсащ 18 - 20 лIэщIыгъуэхэм зыхэта зауэхэм ди къэралым щызыIэригъэхьа текIуэныгъэхэм зи фIыгъэ хэлъхэу Пётр I, Екатеринэ II, Александр I сымэ, нэгъуэщIхэми я сурэтхэр. Живопись, графикэ, скульптурэ, декоративно-прикладной гъуаздж э - псори зэхэту лэжьыгъэ 200-м нэблагъэ щызэхуэхьэсащ выставкэм.

Накъыгъэм и 19 пщIондэ екIуэкIыну гъэлъэгъуэныгъэм гукъыдэж зиIэ псори еплъыну Iэмал щыIэщ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*



● Налшык

Гъуазэ

КъыдэкIуэтей щIэблэр хэкупсэу гъэсэныкIэ мы-хьэнэшхуэ иIэщ кином. Ар къалъытэри, илъэс зыбжанэ ипэкIэ ди республикэм къыщыхалъхьауэ щыIащ гъуазэ нэс хъуауэ къекIуэкI кинофильмхэр гъэлъэгъуэным теуха Iуэху.

АБЫХЭМ ущеплъыфынут кинотеатрхэм, ди район клубхэм.

Ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и жэрдэмкIэ мы Iуэхур иджыблагъэ зэтраублэжащ.

Мэлыжьыхьым щыщIэдзауэ мазэм зэ я гъэлъэгъуэнущ зауэ зэман гугъум, совет лъэхъэнэм щыIа псэукIэм хэзыгъэгуазэ, хэкур фIыуэ лъагъуным хуэзыгъасэ фильмхэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Псалъэмакъыншэу зызытахэр

● Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Мордовия» (Саранск) - 1:3 (0:3). Налшык. «Спартак» стадиум. Накъыгъэм и 14-м. ЦIыху 800 еплъащ.

Судьяхэр: Волошин (Смоленск), Линкин (Воронеж), Ковалёв (Реутов).

«Спартак-Налшык»: Антипов, Кузнецов, Дашаев, Марченкэ (Мухьэммэд, 71), Семёнов, Дроздов (Мурачёв, 46), Ахриев, Крамаренкэ (Бойчук, 60), Багъэтыр, Бажэ, Ахъядов (ПIуп, 66).

«Мордовия»: Леонов, Осипов, Навлетов, Сабитов, Багаев, Иванов, Лебедев, Игнатович (Пукьянов, 77), Петров (Алхазов, 90+2), Дефобальд (Чалов, 86), Сысуев (Амбарцумян, 66).

Топхэр дагъэкIащ: Петровым, 12 (0:1). Сысуевым, 27 (0:2). Игнатовичым, 41 (0:3). Марченкэ, 52 (1:3).

Дагъуэ къыхуащIащ: Сабитовым, Навлетовым, Игнатовичым, Мурачёвым.

МЫ ЗЭIУЩIЭМ къанэ щIагъуэ щ1ымыIэу щ1ызэхэкIынут зэпэщIэува командэхэм адэкIэ я Iуэхуэхэр зэрыхъунур: текIуэныгъэрат ахэр я1пэ дивизионым къыхэзыгъэнэнур. Абы къыхэкIыу зэпэщIэтыныгъэ гуащIэ щыIэну хуэбгъэфащэ хъунут. АрщхьэкIэ джэгум и Iыхьэ щанэри зэфIэкIатэкъым «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм псалъэмакъыншэу зыщатам.

ЕпщIкIутIанэ дакъикъэм хьэщIэхэм бжыгъэр тынш дыдэу къызэIуахащ. Штрафнойм и ихьэпIэм и деж ди гъуащхьэхъумэ Марченкэ хэщIэхэм зы топ зэрахъдигъэкIам стадионым къыщызэхуэса цIыху мащIэм гугъэ гуэрхэр кьахилъхьэжат. АрщхьэкIэ абы нэхъыбэ зыхуэзфIэкын гуптэкъым нобэрей «Спартак-Налшыкыр», псом хуэмыдэу и стадионым щыIэу. Фигу кьэдгъэкIыжьынщи, 2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъарым и кьалащхьэм щрагъэкIуэкIа зэIущIихым (мыри хэту) ящыщу зыми ди щIалэхэр щытекIуэфакъым икIи кьахьифыну щыта очко 18-м къыхахьифар 3 къудейщ. Ар кьемызэгъщ икIи я1пэ дивизионым укъыхэзымынэнщ.

Зэрыхуэбгъэфащэ хьунумкIэ, «Спартак-Налшыкым» зыхэт гупыр зы тхьэмахуэ дэкIмэ ибгынэнущ. Апхуэдэу къэмыхъун папщIэ я1пэ дивизионым щыщынэжа джэгугъуэ закъуэм зы бэлыхь гуэр къыщыхъун хуейщ, абы и хьэрхуэрэгъу псори хагъащIэрэ езыр Краснодар щытекIуэу. Ар фIэощщIыгъуейщ. КъищынэмыщIауэ, я1пэ дивизионым дыщыхуейуэ п1эрэ апхуэдэ зэфIэкI фIэкIа зыкъых